# КЛЮЧИ!

## Нохчийн мотт –10 класс

**Леррина, ойла а йеш, йеша текст.**

(1)Оцу шарахь йеанчу бIаьста гIа а, заза а ца хийцира малхбасерчу муьргийн дитто…

(2)Иза дара пхи-йалх шо хьалха. (3)Цомгаш а хилла, кIелйисинера Илесан денана, къена Хурма. (4)Йуучух дог даьллера. (5)Халла бен ца айалора меттара хьала а.(6) Кхоьлина, чубоьжнера цуьнан эсала ши бIаьрг. (7)Вуьшта а хебаршка йаханчу йуьхь тIехь цхьа чкъор бен ца диснера.

(8)Илес чуваьлча, хазахетий, йелалора Хурма.

–(9)Схьавоьл, бабиниг. (10) Схьахетарехь, баба муха Iаш йу, хьажа веана хьо?

(11) Дененан гIайби кIел дIалачкъабой гуттар а йа Iаж, йа кхор, йа кхин цхьа мерза хIума хуьлура.

–(12)ХIан, бабиниг, вало, ловза гIо хIинца. (13)Хьан соьца кIезиг самукъадер ма ду.

(14)Цхьана йуккъехь Хурма гуттар а чIагIйелира. (15)КIаргйеллачу гуьйренан хенахь дара иза. (16)Даккъашкарчу хьаннийн гIа дерриге а охьадоьжнера. (17)«Дуьххьара ло деана де хIинца Iаьнан ду-кха», – олура баккхийчара.

(18)Шийла йелахь а, йекхна Iуьйре йара. (19) Ша школе вахале, гуттар а санна,чувеара Илес шен денана йолчу.

–(20) Баба, гIоли ца хета хьуна?

–(21)ГIоли йу суна-м, бабиниг, – халла йистхилира Хурма. (22)ТIаккха, гIийла йела а къежна, хьаьттира кIанте:

–(23) Илес, хьуна вайн шовданан тогIи чухула жимма хьалавахча, малхбасехь цхьа муьргийн дитт гиний?

–(24)ХIаъ, гина, – аьшпаш боьттира кIанта, шен цу диттан тидам ца хиллашехь.

–(25) Цу дитта тIехь хIокху хенахь цIарула – цIен, горга, шатайпа чам а болуш, муьргаш хуьлура. (26)Цу муьргийн цхьа курс йахьа суна, хьуо доьшучуьра цIа веъча.

–(27)Дика ду! – араиккхира Илес.

(28) Делкъахан хиллалц а ца Iаш, ведда вахана, муьргийн курсаш йеара Илеса дененна.

(29)Цу гурахь Хурмина мелла а гIоли хилира. (30)Цул тIаьхьа кхаа шарахь гергга йехира иза. (31)Илес тешна вара хIетахь иза цу муьргаша тойина хиларх. (32) Хийла бIаьрг тухура кIанта цу муьргийн диттах, ша аьхкенан заман чохь тогIи чу лийча а, чIерий леца а мел воьду. (33) Кхин цхьа а бахьана ца хилча, лорре цу дитте бIаьрг а тухуш, дагна аьхначу Iаламе бIаьрг бетташ, лела а воьдура. (34) Шен денана дагайогIура диттах бIаьрг ма-кхийттинехь. (35)ЧIогIа хьоме а хетара и дитт.

(Нунуев С.-Хь.М.)

1. Текстера нийсайаздаран гIалаташца долу дешнаш схьайазде.

***Жоп: пхи-йалх, Хурма, муьргийн, чубоьжнера, схьахетарехь, ца айалора, боьттира, дитта тIехь, цIарула-цIен, ду-кха.***

**Мах: хIора нийса дош – 0,5 б. Шайерг (максим.) -5 б.**

2.Текстехь оьрсийн маттахь далийна дешнаш нохчийн маттахь дIайазде.

***Жоп: (халла, цуьнан, охьадоьжнера, гIийла, гергга, гIайби кIел, олура, гиний, чам, дагна ).***

**Мах: ХIора нийса йаздина дош – 1балл (шайерг (максим.) - 10 балл)**

***Билгалдаккхар: нохчийн маттахь и дешнаш тIейаздеш, дешархоша нийсачу дожарехь, терахьехь, классехь дало деза уьш.Нагахь дош йаздинехь, амма цуьнан кеп нийса ца йалийнехь, хIора иштточу дашна – 0,5 б. хIоттайе.***

3. Дийца хIокху дешнийн кхолладаларан некъаш:

**хебаршка - «хеба» - билгалзачу кепера хандош, тIе суффикс -р кхетарца кхолладелла масдар «хебар», …**

**делкъахан- шина цIердашах (делкъе+хан) кхолладелла…**
**малхбасе – шина цIердашах (малх + басе) …**
**Мах: хIора нийса некъ - 1 б.**
**Шайерг 3 б.**

**4**. Буьззина синтаксически таллам бе предложенина:
**Делкъахан хиллалц а ца Iаш, ведда вахана, муьргийн курсаш йеара Илеса денанна**.

**Мах хадор: предложенин меженаш нийса билгалйаьхнехь – 5 балл; къовларшна чохь предложенех лаьцна кхоччуш нийса жоп йаздинехь – 5 балл.**

**Шайерг (4-чу тIедилларна) – 10 балл.**

**5.** Легаде дешнаш **чкъор, юург**. Билгалдаккха церан легар.
Жоп:
ЦI.д. чкъор, йуург
*Дл.д. чкъуран,* йуу*чун*
*Л.д. чкъурана,* йуу*чунна*
*Др.д. чкъуро,* йуу*чо*
*К.д. чкъураца –* ***1 –гIа легар****,* йуу*чуьнца –* ***лааме причасти*** йу***, цуьнан легар билгал ца доккху***
*Х.д. чкъурах,* йуу*чух*
*М.д. чкъуре,* йуу*чуьнга*
*Дс.д. чкъурал,* йуу*чул*
**Мах: «чкъор» дош нийса легорна – 1б., легар нийса билгалдаккхарна – 1б.,** «йу***ург» дош нийса легорна*** **- 1б., лааме причасти хилар билгалдаккхарна – 1б.**
**Шайерг – (5-чу тIедилларна) - 4 б.**

**6.** Текста йукъара №31 йолчу предложенин грамматически лард схьайазйе.

**Жоп: Илес тешна вара**
**Мах: хIор меженна – 1б. Шайерг – 2 б.**

**7.** Оьрсийн матте гочде хIара дешнаш:
Муьргаш – калина; чкъор – кожа; курс – связка, пучок; жимма - немного; тидам – внимание.

**Мах: хIора дош – 1б. Шайерг – 5 б.**

8.Текста йукъара лааме причастица йолу предложени схьайазйе.
**Йуучух** дог даьллера.
**Мах: 2 б.**

9. Схьайзде текста йукъара цхьаллин терахьехь бен ца лела 1 цIердош, дукхаллин терахьехь бен ца лела 1 цIердош.
**Жоп: Iалам, аьшпаш.**
**Мах: Iалам – 1б., аьшпаш – 1б. Шайерг – 2 б.**

10. КІаргйеллачу гуьйренан хенахь дара иза.- **предложенера «*кІаргйеллачу*» бохучу дашах хьо муха кхета йазде? Муьлхачу маьІнехь (нийсачу йа тІедеанчу) ду и дош? Хьайна хетарг йазде. Оьрсийн матте гочйе предложени.**

**Къаргйеллачу бохург дикка гуьйре йоьлча, йукъал и тІехъйаьлча бохург ду. Дош тІедеанчу маьІнехь ду… Это было во время глубокой осени.**

**Мах: жоьпе хьаьжжина – 1-3 б. (шен кхетам дикка гайта хиънехь – 1 б., тІедеанчу маьІнехь хилар билгалдаьккхинехь – 1б., предложени оьрсийн матте йаккха хиънехь – 1 б.).**

11 . ХІокху текстехь дахказа дитина сацаран хьаьркаш дахка:

**«Гулделла дерриг а адам, оцу хенахь Лох-Беташна тІехьашха Джанхотана дуьхьалдирзина, гора а хІоьттина, цуьнга дехар деш дара:**
**- Гечде, Джанхот, Лох-Беташна! Гечде! Гечде цунна! – бохуш, божарий а, зударий а, белхаршца дехарш деш, кхойкхура Джанхоте.**
**- Йуьрто а, аса а гечдо хьуна! ХьалагІатта, маракхета къеначу голашна!- элира Джанхота Лох-Беташе».**

**Мах: хІора цІоьмалг – 0,5 б.(шайерг (11 цІоьмалг) – 5,5 б.); цхьа айдаран хьаьрк– 0,5 б. ( шайерг (5 хьаьрк) – 2,5 б.);шитІадам – 1 б.; цхьа тире – 0,5 б. (шайерг (2 тире) – 1б.).**
**Шайерг – (11-чу тІедилларна) – 10 б.**

12. Дуста кху предложенешкара «гуттар а» боху дош? Дийца,цхьа маьІна дуй цуьнан массо предложенехь? Синонимаш далорца тІечІагІде хьайна хетарг.

1)Дененан **под подушкой**_______ дІалачкъабой <u>гуттар а</u> йа Іаж, йа кхор, йа кхин цхьа мерза хІума хуьлура.

2) Цхьана йуккъехь хурма <u>гуттар а</u> чІагІйелира.

3) Ша школе вахале, <u>гуттар а</u> санна,чувеара Илес шен денана йолчу.

**Жоп: 1-чуй, 3-чуй предложенехь цхьа маьІна ду оцу дешан, цо гойту хуьлуш долчун барам (хан) (в переводе на русский язык: все время, всегда, постоянно), амма 2-чу предложенехь цуьнан маьІна кхин ду. Кхузахь хуьлуш долчун чІагІалла(мухалла) йу гайтинарг (стала *совсем (особенно)* плоха).**

**1-ра предложени - дІалачкъабой *даима а(даим а), массо хенахь…;***

**2-гІа предложени- *къаьсстина чІагІйелира,…;***

**3-гІа предложени- *даим а ( даима а), массо хенахь….***

***(Кхин масалш хила а тарло, нийса хилчхьана мегаш ду)***

**Мах: жоьпе хьаьжжина – 1- 6 б.**

13. Йаста (расшифруйте) лингвистически терминийн анаграммаш, совнаха йолу термин билгалйаккха. Дийца, хIунда лерина ахь и сов?

***Имомон, меоголинз, несгант, шандох,чакрам .***

**Жоп: омоним, неологизм, тангенс, хандош, карчам. Совнаха дош – тангенс (матем.термин).**
**Мах: хIора нийса дош – 1 б. Совнаха дош билгалдаккхарна, хIунда даьккхина дийцарна – 1 б.**
**Шайерг – (12 –чу тIедилларна) - 6 б.**

**14.** Мила хилла 1958, 1959- чуй шерашкахь зорбане йаьллачу йуьхьанцарчу школана леринчу нохчийн меттан учебникийн автор?
1) Солтаханов Э.
2) Джамалханов З.
3) Мациев А. +
4) Ошаев Х.

**Мах: 2 б.**

**15. Йазйе «Сан денана» сочинени.**

**Мах: - 20 б.**

**<u>КРИТЕРИИ ОЦЕНИВАНИЯ ЭССЕ</u>**
- соответствие работы теме и заглавию – **1-4 б.**;
- последовательность изложения материала – **1-4 б.**;
- способность самостоятельно мыслить, анализировать, сопоставлять факты – **1-4 б.**;
- речевое оформление в соответствии с темой; богатство словаря и разнообразие используемых языковых средств – **1-4 б.;**
- отсутствие орфографических, пунктуационных, грамматических и речевых ошибок – **1-4 б.**

**15 тIедилларна – шайерг 90 балл.**